

LÈ GLISEMI BA

(Ipoglisemi)


Glisemi a ka desann ba vit anpil. Si l pa trete touswit, glisemi ba ka lakòz yon ijans medikal. Ou ka menm evanwi.

Men sa ki la lakòz sa : Sote yon repa oswa ou pa manje ase aliman ; pran twòp ensilin oswa grenn dyabèt ; pi kadanse pase lanòmàl.

Gen nan siy avètisman yo :



Tranble oswa toudi



Wè flou




Fèb oswa fatigue



Swe



Maltèt



Grangou



Fache oswa enève nève

Kisa ou dwe fè ?



Se pou ou kontwole glisemi ou touswit. Si l pi ba pase 70, se pou w fè tretman pou glisemi ki ba. Si w pa gen posiblite pou w tcheke glisemi w, trete l kanmenn pa prekosyon.



Pou trete li ou dwe manje 3 ti sache oubyen 1 Tbsp (gwo kiyè amezire) sik nòmàl, 4 ons ji fwi, oubyen 6 ons bwason gazèz (ki pa diet!).



Tcheke glisemi ou nan 15 minit. Si li toujou ba (pi ba pase 70), rekòmanse tretman an. Si ou kontinye gen pwoblèm epi ou pa konnen poukisa, rele doktè k ap swiv ou a oswa klinik kote w swiv la.